

Senior Care Options (SCO)!

Yon plan swen medikal ki endividyèl menm jan avèk ou.

Èske w te konnen genyen yon pwogram pou manm MassHealth Standard yo ki gen 65 an oswa plis ki ofri w tout benefis MassHealth ou yo? Si w genyen Medicare, yo kouvri tout sèvis sa yo, e menm plis toujou. Ou pa gen pou peye anyen.

Ki jan sa fonksyone?

Si w rantre nan yon plan SCO, w ap resevwa sèvis swen medikal ki konplè epi ki medikalman nesèsè. Enfimyè yo ak lòt manm pèsònèl SCO yo pral vizite w lakay ou. Sa ede moun k ap ba w swen yo konnen ki sa w bezwen pou rete ansante epi pou rete lakay ou. Si w deside rantre nan yon plan SCO, ou dwe al konsilte doktè ak lòt founisè ki nan rezò founisè

plan SCO a (eksepte nan kèk sikonstans espesyal). Enskripsyon se yon bagay ki volontè. Ou ka enskri nan plan an epi soti nan plan an nenpòt nan mwa nan ane a.

YOU ka elijib pou enskri si w:

- elijib pou MassHealth Standard;
- gen 65 an oswa plis; epi
- abite nan zòn sèvis yon plan SCO.



Sèvis kliyan MassHealth ka ba w plis enfòmasyon konsènan pwogram **SCO** a. Li ka dirije w tou sou youn, oubyen plis, nan plan **SCO** k ap sèvi vil kote w abite a.

Rele
(888) 885-0484
epi
Aprann konnen ki sa
SCO ye.

Aprann konnen ki sa SCO ye.

Si w deside enskri nan pwogram **SCO** a, men kèk nan benefis w ap jwenn.



\$0 Randevou kay doktè



\$0 Swen dantè ak sèvis pre-vantif ak restoratif, ikonpri danti



\$0 Sèvis pou vizyon



\$0 Medikaman ou achte ak preskripsyon oswa san preskripsyon



Transpò pou fè aleritou nan randevou medikal, avèk otorizasyon



24/7 aksè nan **telefòn** pou pale ak yon ekip moun ki ka reponn kesyon ou genyen sou swen medikal oswa ba w enfòmasyon ou ka bezwen

Manm ki enterese yo ka kontakte Sant Sèvis Kliyan MassHealth oswa plan **SCO** endividyèlman pou aprann plis konsènan ki plan ki pi bon pou yo epi pou mande pou yo enskri.

Plan **SCO** ki disponib

- Commonwealth Care Alliance
(866) 610-2273
- NaviCare (HMO)
(877) 255-7108
- Senior Whole Health
(888) 566-3526
- Tufts Health Plan Senior Care Options
(855) 880-0056
- UnitedHealthCare
(855) 517-3462
- WellSense Senior Care Options
(855) 833-8124, TTY: 711

Rele nimewo a epi aprann konnen ki sa **SCO** ye!

(888) 885-0484

TDD/TTY: 711

Lendi a vandredi
8 a.m.–5 p.m.
(eksepte jou ferye)



SCO-1-HT-1123

MassHealth Publications Unit



Aprann konnen ki sa SCO ye



Yon plan swen medikal ki endividyèl menm jan avèk ou